

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Udagan tina ieu panalungtikan téh nya éta ngadéskripsikeun asal-muasal paguron penca silat Pusaka Mekar Putri Domas, ngadéskripsikeun prak-prakan kasenian penca silat Pusaka Mekar Putri Domas, maluruh jeung ngadéskripsikeun ajén éstétika nu nyampak dina kasenian penca silat Pusaka Mekar Putri Domas, jeung larapna hasil panalungtikan kasenian penca silat Pusaka Mekar Putri Domas pikeun bahan ajar dina pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII. Tiori nu dipaké pikeun medar ajén éstétika téh nya éta tiori Kant. Méthode nu dipaké nya éta déskriptif kalayan pamarekan kualitatif. Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik observasi, wawancara, catetan lapangan, jeung dokuméntasi.

Asal-muasal ngadegna Paguron Pusaka Mekar Putri Domas téh dimimitian ku hobi putri Bah Éyang kana kasenian penca silat. Bah Éyang salaku sesepuh di Désa Cikahuripan anu ngarti tur reueus kana kasenian Sunda. Salian ti pupuhu Paguron Pusaka Mekar Putri Domas, saacan ngadegkeun éta paguron téh, Bah Éyang aktif dina kasenian Sunda saperti Kuda Lumping, Tarawangsa, karinding, celempung, jst. Kusabab putri Bah Éyang loba préstasi dina widang penca, Bah Éyang inisiatif nyieun paguron silat di daérah désa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat. Salian ti Bah Éyang, aya duaan deui anu milu ngadegkeun ieu paguron, nya éta Bu Éém jeung Pa Éma. Bu Éém mangrupa guru besar di paguron Domas nu pernah na di Gegerkalong. Paguron Domas mangrupa tempat guguru putri Bah Éyang saacan nyieun paguron sorangan. Putri Bah Éyang gedé di paguron Domas nepi ka dina sababaraha kejuaraan meunang juara waé. Salian ti Bah Éyang jeung Bu Éém, aya ogé pa éma, pa éma mangrupa guru besar penca silat sa Bandung Barat. Ku inisiatif tilu inohong éta, jeung bakat nu dipiboga ku putrina Bah Éyang

dina widang kasenian penca silat, ngalahirkeun Paguron anu dingaranan Paguron Mekar Putri Domas.

Asal ngaran Paguron Pusaka Mekar Putri Domas téh nya éta tina sajarah ngadegna ieu paguron. Pusaka, mangrupa impéan ti nu ngadegkeun paguron sangkan jalma-jalma nu aya di ieu paguron bisa jadi hiji pusaka keur Paguron PMPD hususna. Mekar, mekar ogé mangrupa impéan ti nu ngadegkeun paguron sangkan bisa ngamekarkeun deui budaya Sunda hususna penca silat anu baheula pernah leungit. Putri, ieu ngaran putri dicokot sabab nu nyieun préstasi munggaran di ieu paguron téh nya éta putri ti Abah Éyang salaku nu ngadegkeun ieu paguron. Domas, mangrupa ngaran Paguron nu ayana di Gegerkalong. Saacan ngadegkeun Paguron Pusaka Mekar Putri Domas téh, Sarah nu mangrupa putri Bah Éyang guguru penca di Paguron Domas nepi ka meunang prestasi di mana-mana. Cindekna, kunaon ieu paguron dingaranan Pusaka Mekar Putri Domas téh sabab nu impéan ti nu ngadegkeun, sangkan ieu paguron téh bisa ngalahirkeun generasi-generasi penca silat nu bisa jadi pusaka dina ngamekarkeun budaya Sunda hususna penca Silat.

Paguron PMPD sabenerna salah sahiji paguron anu unik, sabab nurutkeun data nu kapaluruh di lapangan, nu ngadegkeun ieu paguron téh sabenerna mah turun temurun ti mimiti akina nya éta Aki Didi nu mangrupa aki ti Abah Éyang, terus ka Abah Éyang, ti Abah Éyang ka Téh Sarah nu mangrupa putri Abah Éyang. Jadi lahirna ieu paguron téh sabenerna mah turun tumurun ti jaman baheula tapi karék dipaténkeun jadi paguron téh dina taun 1998 nu dingaranan Pusaka Mekar Putri Domas (PMPD).

Dina prak-prakan kasenian penca silat PMPD dibagi jadi tilu bagian nya éta, saacan midang, pas midang, jeung sabada midang. Penca silat PMPD biasana ngaheulakeun tradisi-tradisi anu kudu dilakonan saacan midangkeun éta kasenian. Masarakat Sunda, masih kénéh percaya kana ayana karuhun di sabudeureunana. Ku kituna, nalika aya acara naon waé gé nu hubunganna jeung budaya, masarakat Sunda pasti sasambat heula ka karuhun. Aya sababaraha cara nalika sasambat ka karuhun, gumantung kana acara jeung kasenian nu rék dipintonkeunna. Dina penca silat,

Riyani Sukmana, 2016

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT PAGURON PUSAKA MEKAR PUTRI DOMAS DI DÉSA CIKAHURIPAN KECAMATAN LÉMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyaipkeun sasaji atawa nu sok disebut rujakeun jadi hiji tradisi nalika saacan mintonkeun kasenian penca silat. Eusi tina rujakeun éta téh ngawengku meuleum menyan, dewegan anu luhurna dibeulah saeutik terus ditutupan ku gula beureum, bubur bodas, bubur beureum, téh pait, téh amis, cai kopi pait, cai kopi amis, susu, cai asem, cai dicampur gula beureum jeung kalapa, kembang tujuh rupa, surutu jsb. Rujakeun téh mangrupa simbol pikeun nyambat karuhun, tapi tujuanna mah ngadoa kanu Kawasa, sangkan nalika midangkeun penca silat téh aya dina kalancaran jeung kasalametan. Rujakeun atawa sesajén mah mangrupa tradisi urang Sunda nalika mintonkeun kasenian-kasenian Sunda buhun.

Nalika midangkeun penca silat, teu sagawayah langsung maén penca, aya sababaraha tahapan nu kudu dilakonan ku pamaén. Tahapan-tahapan éta kudu dilakonan ti mimiti nepi ka ahir sangkan dina pintonan penca silat bisa jéntré jeung éntép seureuh. Dina mintonkeun penca nu disebut ibing penca, aya sababaraha jurus penca silat dijeronan. Jurus nu digunakeun ogé kudu ngaruntuy, ti mimiti gerak dasar, jurus dasar, jurus inti jeung kajadian.

Sabada midangkeun kasenian penca silat, di paguron PMPD mah euweuh tradisi anu dilakukeun nalika bérés midang téh. Tapi aya hiji tradisi anu dilakukeun nalika murid di paguron PMPD meunang juara dina pasanggiri. Tradisina nya éta nyangu tumpeng, tujuanna dina nyangu tumpeng téh salian ti sukuran sabab geus jadi juara, ogé pikeun sukuran sabab paguron jeung murid-muridna aya dina kasalametan. Tradisi nyangu tumpeng teu remen dilakukeun ku paguron PMPD, teu kaos susuguh anu kudu aya tiap rék mintonkeun penca silat, sabab ninggali kana kagunaanana tradisi susuguh (sasambat ka karuhun) mah émang sakral jeung dipecaya ku masarakat Sunda.

Dina prak-prakan ti mimiti persiapan nepi ka beresna penca aya istilah-istilah anu kapanggih di paguron Pusaka Mekar Purti Domas nu aya di Désa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat téh aya 107 istilah. Istilah waditra jeung panunjangna, pakakas, gerak, jurus, guru, jeung gelar.

Riyani Sukmana, 2016

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT PAGURON PUSAKA MEKAR PUTRI DOMAS DI DÉSA CIKAHURIPAN KECAMATAN LÉMBANG KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana hasil panalungtikan, ajén éstétis anu nyangkaruk dina kasenian penca silat PMPD téh nya éta ajén éstétis atawa ajén murni anu ayana dina gurat wangun jeung warna dina kasenian; ajén ékstra éstétis atawa ajén tambahan anu aya dina dedeg pandedeg manusa, alam, sasatoan, jst; ajén éstétis dina dumasar kana tiori intrinsik, bisa katitén dina gerakan penca silat; jeung ajén éstétis dumasar kana tiori ékstrinsik aya dina bahan-bahan jeung pakakas anu dipaké nalika penca.

Kasenian penca silat PMPD, bisa dijadikeun alternative pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kela XII. Saacan ngomongkeun bahan pangajaran, urang bahas heula kritéria milih bahan ajar anu hadé. Aya lima hal anu kudu dipilih pikeun milih bahan ajar, nya éta bahan pangajaran nu dipilih dumasar kana tujuan anu hayang dihontal, ayana ajén pikeun kahirupan manusa, ayana ajén pikeun warisan karuhun, aya gunana pikeun ngawasa huji paélmuan, sarta luyu jeung kabutuhan katut minat murid.

Dumasar kana Kritéria bahan ajar di luhur, ajén-inajén anu aya dina kasenian Penca Silat PMPD téh disa dijadikeun bahan pangajaran. Kahiji, patalina jeung atikan karakter nya éta kudu miboga pamadegan anu panceg, jeung kudu bisa nangtukeun laku lampah anu hadé jeung nu goréng. Kadua, patalina jeung atikan masarakat nya éta sauyunan dina wujud gawé bareng jeung sauyunan nalika rék mintonkeun éta kasenian. Katilu, patalina penca silat PMPD salaku kasenian rahayat nya éta sangkan siswa wanoh jeung terus ngamumulé ieu kasenian, tur ngariksa jeung ngaraksa budaya Sunda nu aya di wewengkon Jawa Barat.

## 5.2 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban deui informasi ngeunaan kasenian nu aya di Jawa Barat, hususna di Kabupatén Bandung Barat sangkan ieu kasenian teu tumpur ku kaayaan jaman. Panalungtikan ieu disarankeun pikeun 1) mahasiswa, 2) guru, 3) masarakat, jeung 4) lembaga-lembaga kasenian.

Riyani Sukmana, 2016

*STRUKTUR JEUNG AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT PAGURON PUSAKA MEKAR PUTRI DOMAS DI DÉSA CIKAHURIPAN KECAMATAN LÉMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

**Mahasiswa.** Mahasiswa salaku akademisi dipiharep bisa ngayakeun deui panalungtikan leuwih jero deui ngeunaan penca silat, sangkan bisa kaguar deui hal-hal séjén dina kasenian penca silat. **Guru.** Guru salaku pengajar bisa jadi alat pikeun ngamekarkeun deui kasenian tradisional Indonésa ku cara ngajarkeun ka murid ngeunaan kasenian-kasenian tradisional. Kasenian penca silat, ku guru bisa dilarapkeun ngaliwatan bahan pangajaran seni budaya atawa budaya Sunda nu luyu jeung *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran* (RPP) nu disadiakeun dina bab IV. **Masyarakat.** Panalungtikan ieu dipiharep bisa jdi sarana pikeun masarakat mikawanoh jeung mikareueus deui kasenian-kasenian tradisional hususna kasenian penca silat. Masyarakat dipiharep bisa leuwih ngaraksa jeung ngariksa kana ieu kasenian kasenian di tatar Sunda. **Lembaga-lembaga kasenian.** Sabada ayana ieu panalungtikan, dipiharep lembaga-lembaga kasenian téh leuwih merhatikeun deui kana seni jeung budaya nu aya di Jawa Barat. Salian ti ngainvéntarisir, dipiharep bisa mantuan ngawanohkeun deui ieu kasenian ka masarakat umum ku cara dipintonkeun dina unggal acara-acara nu aya hubunganna jeung kasenian.